



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON PRAL KÒMANSE NAN PWOJÈ K  
AP 27 MILYON DOLA POU AMELYORE KONEKSYON SOTI LONG ISLAND  
EXPRESSWAY RIVE NAN CROOKED HILL ROAD NAN KONTE SUFFOLK**

*Pwojè 27 milyon dola sa a pral kreye yon aksè ki pi fasil ak makèt, zòn endistriyèl,  
pak, ak kanpis kolèj yo*

*Vizyèl pwojè a disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon ap kòmanse nan yon pwojè 27 milyon dola pou modifiye Sòti 53 Long Island Expressway la pou bay otomobilis yo aksè ki pi rapid pou fè makèt, komès ak lwazi nan ak toupre Crooked Hill Road. Pwojè sa a pral bay yon lyen dirèk soti nan Expressway la ak plizyè zòn komèsyal nan Commack, zòn endistriyèl nan Brentwood, Deer Park, ak Hauppauge, kanpis Michael J. Grant nan Community College nan Brentwood ki nan Konte Suffolk, Brentwood State Park, ak lòt rezidans lokal yo ak biznis yo, pandan y ap soulaje anbouteyaj sou wout lokal yo ak Wout Sèvis Long Island Expressway yo. Ou kapab wè vizyèl pwojè a [isit la](#).

"Administrasyon mwen an angaje li pou modènize rezo transpò nou an pou plis vwayaj san pwoblèm atravè Eta New York, epi koneksyon serye pou kominote yo se yon eleman kle nan apwòch konplè nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Amelyorasyon sa a ki nesèsè anpil la sou Long Island Expressway la pral benefisye otomobilis yo epi ede ranfòse ekonomi rejyonal Long Island lan pandan n ap kontinye bati yon Long Island ki pi solid pou lavni."

Travay sa a make dènye investisman enpòtan nan transpò pou sistèm otowout eta Long Island lan. Nan fen mwa pase a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) ke refè sifas pavaj nan direksyon lès Long Island Expressway (Interstate 495) soti nan fwontyè Nassau-Suffolk la rive nan State Route 112 fini kounye a, sa ki make yon etap enpòtan nan youn nan pi gwo pwojè pou refè sifas nan Eta New York. Repavaj nan direksyon lwès nan Long Island Expressway la kounye a byen sou pye epi yo pral fini li nan fen ane a.

Nan kad pwojè Crooked Hill Road la, yo pral ajoute de ranp pou jwenn aksè dirèk ak Crooked Hill Road (Route 13 Konte Suffolk) soti nan direksyon lès ak nan direksyon lwès L.I.E. Yo pral ajoute yon dezyèm liy atravè ranp lan soti nan direksyon lès L.I.E. nan direksyon sid Sagtikos State Parkway, epi yo pral pwolonje yon twazyèm liy vwayaj

pou sikilasyon ki rankontre nan direksyon sid Sagtikos State Parkway rive nan pon G Road la ak amelyorasyon adisyonèl nan Sòti S2.

Kòmanse konstriksyon an vini apre yon bon planifikasyon, angajman piblik, ak kowòdinasyon Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ak Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration) la.

Konstriksyon pral fèt sitou nan kadran sidwès echanjè Sòti 53 a. Pwojè a prevwa fini an 2023.

**Komisè Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT), Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Anba lidèchip fèm Gouvènè Hochul, te gen yon investisman san parèy nan enfrastrikti ak otowout Eta New York yo. Pwojè sa a pral ede amelyore fason moun Long Island yo vwayaje epi relanse ekonomi lokal la ak aksè pi fasil ak yon kantite destinasyon ki tou pre."

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** "Pwojè sa a pral ede rann wout Suffolk yo pi aksesib pou otomobilis nou yo, kit yo pral fè makèt, kit yo pral travay, vizite bèl pak eta nou yo, oswa yo ale nan Kolèj Kominotè nou an. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li pou investi nan enfrastrikti nou an, sa k ap ede soulaje sikilasyon sou wout lokal nou yo epi bay yon pi bon kalite lavi pou rezidan nou yo."

Nou ankouraje otomobilis yo pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan tout zòn travay la. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Jwenn NYSDOT sou Twitter nan [@NYSDOT](https://twitter.com/NYSDOT) ak [@NYSDOTLI](https://twitter.com/NYSDOTLI). Jwenn nou sou Facebook na [Facebook.com/NYSDOT](https://www.facebook.com/NYSDOT).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418